

## Sijè: Konsèy Jistics Anviwònman an – Reyinyon an pèsòn ak yon opsyon vityèl – 13 mas 2025

Chè aktè ki enterese nan jistics anviwònman an,

Biwo Egzekitif Enèji ak Afè Anviwònman (EEA) ap konvoke Konsèy Jistics Anviwònman an (EJC) pou pwochen reyinyon li a **Jedi 13 Mas 2025 a 6:30 pm**. Manm Konsèy yo pral fè yon deba sou pwojè jewotèmal Eversource ak pouasantaj 101. Yo pral bay yon ti tan pandan reyinyon an pou kòmantè jeneral piblik la.

Tanpri enskri pou reyinyon an lilitize lyen sa a:

[https://www.zoomgov.com/webinar/register/WN\\_tkTW5TRURDSWghz1zbBUdw](https://www.zoomgov.com/webinar/register/WN_tkTW5TRURDSWghz1zbBUdw)

**Lojistik yo.** Reyinyon ibrid sa a pral òganize nòmalman sou Zoom ak an pèsòn nan Framingham, MA, nan Bibliyotèk Piblik Framingham, Framingham, nan Sal Costin nan Bibliyotèk prensipal la. Yo estime reyinyon an ap dire 90 minit. Adrès la se 49 Lexington St. Framingham, MA 01702 epi yon moun ka vin nan bilding pa mwayen liy otobis 2, 7, 3, ak 4N yo. Lokal la aksesib tou atravè estasyon Commuter Rail Framingham MBTA. Estasyon otobis ki pi pre a se Lincoln St ak Pearl St. Gen Pakin ki disponib nan pakin bibliyotèk la.

**Èd pou entèpretasyon.** Yo pral bay èd pou entèpretasyon. N ap bay sèvis entèpretasyon an pèsòn an espanyòl ak pòtigè brezilyen. Sèvis entèpretasyon Vityèl la pral gen ladann Espanyòl, Pòtigè, Mandarin, Vyetnamyen, Kreyòl Ayisyen, ak Lang siy Ameriken (ASL). Si w bezwen sèvis entèpretasyon nan yon lang ki pa endike anwo a, oswa nenpòt lòt aranjman, tanpri mete demann sa a nan yon imèl voye l bay meetings@erg.com. Yo dwe voye demann yo nan anviwon 48 èdtan anvan lè reyinyon yo kòmanse.

Pou w ka jwenn enfòmasyon sa yo an gran lèt oswa an bray, rele nan 1-877-623-6765.  
TTY: 1877-623-7773.

**Lwa sou Reyinyon ki ouvè yo.** Konsèy sou jistics anviwònman an fonksyone dapre Lwa sou Reyinyon ki Ouvè yo [<https://www.mass.gov/the-open-meeting-law>] e li akeyi manm piblik la ki vle asiste reyinyon fan yon fason ki fòmèl. Pandan reyinyon an, yon obsèvatè ka fè kòmantè oswa poze kesyon ak Konsèy jistics anviwònman an avèk pèmisyon Prezidan an.

**Plis Enfòmasyon sou EJC:**

Gouvènè a deziyen EJC pou bay Sekretè EEA konsèy ak rekòmandasyon sou règleman ak estanda ki enpòtan pou reyalize prensip jistics anviwònman an. Prensip sa yo defini nan lwa eta a kòm "prensip ki soutni pwoteksyon kont polisyon nan anviwònman an ak kapasite pou viv epi jwi yon anviwònman ki pwòp e ki an sante, kèlkeswa ras, koulè, revni, klas, andikap, idantite sèks, oryantasyon seksyèl, orijin nasyonal, etnisite oswa zansèt, kwayans reliye oswa kapasite moun nan lang anglè a, ki gen ladann: (i) aplikasyon pou tout moun, aplikasyon pou anviwònman konsènan devlopman an, enplémentasyon ak aplikasyon lwa yo, règleman yo ak politik anviwònman an, ki gen ladann politik sou chanjman nan klima a; epi (ii) distribisyon ekitab sou enèji ak benefis anviwònman an ak chay anviwònman an." Lwa a endike nan Seksyon 62L nan lyen sa a: [<https://malegislature.gov/Laws/SessionLaws/Acts/2021/Chapter8>].

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou EJC a, planifye reyinyon alavni yo, ak anrejistreman reyinyon ki sot pase yo isit la: <https://www.mass.gov/orgs/environmental-justice-council>. Tanpri klike sou "Chwazi lang" anlè adwat paj wèb la pou tradui paj la.

Thank you,

María Belén Power  
Sous-sekretè Jistics Anviwònman ak Ekite  
Biwo Egzekitif Enèji ak Afè Anviwònman an